

PIBLIK
PIBLIKASYON MENM LÈ

DOKIMAN MEKANIS KONSILTASYON ENDEPANDAN AK ENVESTIGASYON

MICI-BID-HA-2017-0114
MEMORANDÒM SOU DETÈMINASYON AKSEPTABILITE

PWOGRAM ENFRAESTRIKTI PWODIKSYON

(HA-L1055, HA-L1076, HA-L1081, HA-L1091 / HA-X1036 / HA-GA1035, HA-L1101)
(255/GR-HA, 2779/GR-HA, 3132/GR-HA, 3384/GR-HA / GRTHR-15509-HA,
3623/GR-HA)

Se Victoria Márquez Mees, Direktriz MICI a ki prepare dokiman sa a ak sipò
Esteban Tovar, Anchaje Anrejistreman

Ann akò ak Politik sou aksè pou jwenn enfòmasyon, piblik la ap kapab jwenn dokiman sila nan
menm lè l ap distribye bay Direktwa egzekitif la pou enfòmasyon li.

SA KI NAN DOKIMAN AN

REZIME.....	5
I. PWOJÈ A	7
II. DEMANN LAN	9
III. REPONS DIREKSYON AN	12
IV. INISYATIV MICI	13
V. DETÈMINASYON AKSEPTABILITE	15
VI. KONKLIZYON	17

LYEZON ELEKTWONIK

1. Premye Demann lan ak anèks yo (Anèks yo disponib nan lang angle sèlman) http://www.iadb.org/document.cfm?id=40856184 http://www.iadb.org/document.cfm?id=40816894
2. Repons Direksyon BED la ak Anèks ki gen arevwa ak Demann MICI-BID-HA-2017-114 sou "Pwogram infraestrikti Pwodiksyon (HA-L1055, HA-L1076, HA-L1081, en patikilye)" (Dokiman sa a disponib nan lang angle sèlman) http://www.iadb.org/document.cfm?id=40856397
3. Pwopozisyon finansman ki pa ranbousab pou Pwogram enfraestrikti (HA-L1055) http://www.iadb.org/Document.cfm?id=36306587
4. Rapò sou Jesyon anviwonman ak kondisyon sosyal yo pou Pwogram Enfraestrikti a (Dokiman sa a disponib nan lang franse sèlman) http://idbdocs.iadb.org/WSDocs/getDocument.aspx?DOCNUM=35413394
5. Plan Aksyon pou Reenstalasyon nan kad Pwogram enfraestrikti a (HA-L1055) (Dokiman sa a disponib nan lang franse sèlman) http://www.iadb.org/Document.cfm?id=36755008
6. Plan Konpansasyon ak Retablisman kondisyon ki egziste pou Pwogram enfraestrikti (HA-L1055) (Dokiman sa a disponib nan lang franse sèlman) http://www.iadb.org/Document.cfm?id=36669359
7. Pwopozisyon kreyasyon yon Fon ki pa ranbousab pou Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon (HA-L1076) http://www.iadb.org/Document.cfm?id=37073118
8. Rapò Jesyon anviwonman ak kondisyon sosyal pou Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon (HA-L1076) http://idbdocs.iadb.org/wsdocs/getDocument.aspx?DOCNUM=36846064
9. Etid konsekans sosyal ann Ayiti – Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon I-IV (HA-L1076, HA-L1081, HA-L1091, HA-1101) (Dokiman sa disponib nan lang angle sèlman) http://www.iadb.org/Document.cfm?id=37091614
10. Etid sou ansam konsekans yo sou anviwonman an – Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon I-IV (HA-L1076, HA-L1081, HA-L1091, HA-1101) (Dokiman sa a disponib nan lang franse sèlman) http://www.iadb.org/Document.cfm?id=39970805
11. Pwopozisyon Finansman ki pa ranbousab pou Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon II (HA-L1081) http://www.iadb.org/Document.cfm?id=38279164
12. Pwopozisyon Finansman ki pa ranbousab pou Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon III (HA-L1091/ HA-G1035) http://www.iadb.org/Document.cfm?id=39273513
13. Pwopozisyon Finansman ki pa ranbousab pou Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon IV (HA-L1101) http://www.iadb.org/Document.cfm?id=40004216

REZIME

Nan dat 12 janvyè 2017, plizyè manm sosyete sivil la voye yon Demann bay Mekanis Konsiltasyon Endepandan ak Envestigasyon (MICI) an koneksyon ak Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon ak lòt operasyon ke Bank entèameriken pou Devlopman (BED) finanse. Manm sa yo t ap reprezante "*Kolektif Peyizan Viktim Tè Chabè*". Kolektif sa a gen ladan fanmi ki te mèt teren yo osnon te gen teren nan fèmay pou travay latè nan zòn kote Pak endistriyèl Karakòl (PEK) ye. Fanmi sa yo te blije deplase lè PEK la bati.

Nan demann lan, manm yo afime ke konstriksyon PEK la vin fè yo dekanpe sou teren yo, sa ki lakòz yo vin pa gen mwayen pou yo siviv. Reklamè yo fè konnen ke aksyon sa a fèt kèk jou sèlman anvan yo avèti yo, san yo pa konsilte kominote yo e san yo pa resevwa enfòmasyon sou sa. Se konsa tou yo fè konnen ke yo resevwa konpansasyon yo te ofri yo anpil lane pita e kantite lajan sa a pa te sifi pou garanti kondisyon y ap viv la si yo fè konparezon ak jan yo t ap viv anvan yo blije deplase. Sityasyon sa a te gen konsekans negatif tou sou fanmi yo ki vin pa kapab al lekòl, jwen sekirite manje yo, pandan sikonstans sa yo demantibile estrikti sosyal la, espesyalman nan sa ki gen arevwa ak fanm yo epi ti fi yo.

Demann lan mansyone tou yon seri repèkisyon potansyèl sou fanmi yo poutèt yo pa te gen enfòmasyon sou konsekans sou anviwonman nan zòn Karakòl ak Rivyè Twoudinò poutèt konstriksyon ak operasyon Pak la fini; se menm bagay pou konsekans sosyal ki ta anrejistre nan kominote nan zòn lan apre entwodiksyon Pwojè a.

Reklamè yo mande pou Demann lan egzamine nan tou de (2) enstans pwosesis MICI a: Enstans konsiltasyon an ak Enstans verifikasyon Obsèvasyon an.

Pak endistriyèl Karakòl la ke yo te rele anvan Pak Endistriyèl Nò, se yon pwojè endistriyèl ki gen plizyè etap ladan. BED la patisipe nan pwojè sa a depi li fèk demare, lè li mennen yo seri operasyon finansman ki pa ranbousab, ak aktivite kowoperasyon teknik k ap chache pote kontribisyon yo pou devlopman sosyal ak ekonomik nan Nò Ayiti ki pral bay travay ak kreyasyon faktori ki pral monte nan PEK la, ranfòse kapasite gouvènman an pou jere ak pou mennen vini investisè nan PEK yo e amelyore kalite anviwonman ak kondisyon sosyal yo nan kominote ki nan zòn Pak la. Li bon pou souliyen, pami tout operasyon yo, senq (5) operasyon finansman ki pa ranbousab e ki liste pi ba a:

	Nimewo Pwojè a/ Operasyon	Non	Kategori Anviròn man	Dat apwobasy on	Valè lajan operasyon an An dola Etazini	Dat dénye debousman an
Operasyon finansman ki pa ranbousab						
1	HA-L1055 / 2552/GR- HA	Pwogram Enfraestrikti	B	25/07/2011	55	08/03/2017
2	HA-L1076 / 2779/GR- HA	Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon	A	13/09/2012	50	Ap egzekite
3	HA-L1081 / 3132/GR- HA	Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon II	A	13/12/2013	40.5	Ap egzekite
4	HA-L1091 / 3384/GR- HA HA-G1035 / GRT/HR-15509-HA	Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon III	A	11/12/2014	70.3	Ap egzekite
5	HA-L1101 / 3623/GR- HA	Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon IV	A	14/12/2015	41	Ap egzekite

Ann akò ak dispozisyon nan seksyon G Politik MICI a (MI-47-6), Direktriz MICI a deklare Demann lan **akseptab** paske li respekte tout kritè Politik la mande, sof sa ki gen pou wè ak twa (3) operasyon ki tonbe anba eksklizyon 19 ak 19 (f).

Desizyon ki pou detèmine si yon demann akseptab pa vle di gen yon evalyasyon ki fèt sou jistifikasyon Demann lan ak sou pwen ki soulve ladan. Nan menm kontèks sa a, li pa vle di non plis yo respekte osnon yo pa respekte Politik operasyonèl Bank lan tabli pou aktivite sa yo.

Memorandòm sa a ap kominike desizyon an dirèkteman bay Reklamè yo, Direksyon an ak Direktwa egzekitif la; lòt moun ki enterese nan desizyon an atravè Rejis piblik la yon fwa ke dokiman sa al jwenn Direktwa egzekitif la. Vèsyon franse ak kreyòl la va distribye lamem yo vin disponib.

Yon fwa Direktwa egzekitif la jwenn notifikasyon an, Direktriz MICI va transfere dosye a bay Enstans konsiltasyon an, ann akò ak petisyon reklamè yo e dapre dispozisyon Politik la.

I. PWOJÈ A¹

- 1.1 Pandan li rekonèt nesosite pou rebay ekonomi a bourad, Gouvènman ayisyen an (GA) chwazi faktori rad tankou yon sektè ki gen potansyèl pou bay kwasans ekonomi Ayiti a jarèt. Nan konteks sa a, Kongrè Etazini an vote pou bay diferan kategori pwodui ki soti Ayiti yon nouvo tretman preferansyèl. Desizyon sa a fè diferan investisè etranje ak nasyonal interese vin nan investi ann Ayiti. Se pou sa gen plizyè òganizasyon multilateral ak donatè, pami ladan yo Bank entèameriken pou Devlopman (BED), ki decide bay sipò yo pou devlopman yon nouvo pak endistriyèl nan zòn Nò peyi a poutèt rezon sila yo: (i) teren yo ki disponib; (ii) pozisyon jewografik; (iii) bon jan enfraestrikti transpò; (iv) resous dlo disponib; (v) disponiblite anpil ouvriye.
- 1.2 Lè yo fin egzamine plizyè diferan opsyon sou espas kote pou yo bati pak la, yo te chwazi distrik Madras la, yon distans 500m sou Wout 121 a, ant kominote Chanbè ak Fleri nan Depatman Nòdès, yon distans 18 km Kap Ayisyen.
- 1.3 Pak Endistriyèl Karakòl la (PEK), ke yo te rele anvan Pak Endistriyé Nò, se yon pwojè endistriyèl ki kouvri plizyè etap. Patisipasyon BED la reyalize depi nan faz konsepsyon li atravè yon seri operasyon finansman ki pa ranbousab ak aktivite kowoperasyon teknik ki te gen pou objektif kontribye nan devlopman sosyal ak ekonomik nan rejyon Nò Ayiti, ak kreyasyon travay atravè konstriksyon faktori nan PEK la, ranfòsman kapasite gouvènman an pou jere ak atire investisman nan pak endistriyèl yo, a miyore kalite anvirònman ak kondisyon sosyal yo nan kominote ki nan zòn Pak la. Tablo 1 a montre diferan opsyon ki gen arevwa ak PEK la.
- 1.4 Benefisyè operasyon sa yo, se Repiblik Ayiti ak Ajans egzekisyon pwojè a ki se Ministè Ekonomi ak Finans atravè Inite teknik Egzekisyon (ITE) e Sosyete nasyonal Pak Endistriyèl yo (DINEPA).

¹ Enfòmasyon sa disponib sou paj Entènèt Bank la , e nan dokiman piblik sou Operasyon yo. Dokiman sa yo pibliye nan seksyon lyezon elektwonik ki parèt nan Memorandòm sa a.

Tablo 1
Pwogram EnfraEstrikti Pwodiksyon– Lis Operasyon ke BED la finanse

	Nimewo Pwojè Operasyon	Non	Kategori Anviwonman	Dat apwobasyon	Valè lajan operasyon an An dola Etazini	Dat dénye debousman an
Operasyon finansman ki pa ranbousab						
1	HA-L1055 / 2552/GR-HA	Pwogram Enfraestrikti	B	25/07/2011	55	08/03/2017
2	HA-L1076 / 2779/GR-HA	Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon	A	13/09/2012	50	Ap egzekite
3	HA-L1081 / 3132/GR-HA	Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon II	A	13/12/2013	40.5	Ap egzekite
4	HA-L1091 / 3384/GR-HA HA-G1035 / GRT/HR-15509-HA	Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon III	A	11/12/2014	70.3	Ap egzekite
5	HA-L1101 / 3623/GR-HA	Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon IV	A	14/12/2015	41	Ap egzekite
6	HA-L1106	Jesyon fatra solida ak amelyorasyon nan rejyon iben nan Nò Ayiti	B	An preparasyon toujou	25	N.R.
Aktivite Kowoperasyon teknik ki konekte						
1	HA-T1074 / ATN/SF-11724-HA	Ranfòsman Ministè Komès ak Endistri	C	13/08/2009	0.15	07/06/2011
2	HA-T1083 / ATN/SF-11979-HA	Ranfòsman Initi Analiz dirabilite dèt eksteryè a	C	10/12/2009	0.25	31/12/2016
3	HA-T1179 / ATN/SF-11979-HA	Balans dlo ak Jesyon entegre Resous dlo nan Nò Ayiti	C	19/03/2013	1.00	En ejecución
4	HA-T1180 ATN/OC-14580-HA	Diminye konsekans PEK la sou anviwonman nan Be Karakòl la	C	19/08/2014	0.18	15/06/2016
5	HA-T1181 ATN/KP-13789-HA	Diminye konsekans Pak Endistriyèl Karakòl la sou kondisyon sosyal yo	C	24/04/2013	0.31	En ejecución
6	HA-T1182 / ATN/FI-13845-HA	Ranfòsman entitasyonèl pou ohmante kapasite teknik Gouvènman ayisyen an	C	05/06/2013	0.53	06/11/2015
7	HA-T1185 / ATN/OC-13813-HA HA-T1186 / ATN/SS-13812-HA	Koulwa devlopman nan Nò peyi Ayiti – Egzekisyon ICE	C	20/05/2013	0.18 1.00	16/12/2016 En ejecución
8	HA-T1191 / ATN/OC-14049-HA	Echanj ant HA e CR, GU ak NI sou Pak endistriyèl yo	C	02/10/2013	0.01	07/10/2014
9	HA-T1195 / ATN/OC-14210-HA	Plan Mobilite dirab ak pwojè anvan envestisman pou Koulwal Nò Ayiti	C	12/12/2016	0.12	12/02/2015
10	HA-T1196 / ATN/OC-14211-	Plan Mobilite dirab/ pwojè anvan envestisman pou devlopman Koulwa Nò a	C	12/12/2013	0.35	En ejecución

	Nimewo Pwojè Operasyon	Non	Kategori Anvirònman	Dat apwobasyon	Valè lajan operasyon an An dola Etazini	Dat dénye debousman an
11	HA-T1209 / ATN/OC-14998-HA	Ranfòsman kapasite nan anvirònmande, lasante ak sekirite nan PEK la	C	18/06/2015	0.40	En ejecución
12	HA-T1212 / ATN/OC-15079-HA	Sipò pou preparasyon Pwogram envestisman nan dlo ak kondisyon sanitè nan Kap Ayisyen	C	31/07/2015	1.4	En ejecución

- 1.5 Premye operasyon BED la fè pou sipòte PEK la “Pwogram Enfrastrikti” (HA-L1055), te apwouve nan 25 jiyè 2011, e li te gen pou finanse: (i) premye enfrastrikti PEK la, ki te prevwa yon kloti pou antoure tout teren an, yon izin tretman dlo, yon izin tanporè pou trete dlo ak jesyon fatra, wout entèn pou antre sou teren an, ak lòt rezo sèvis piblik; (ii) kat (4) batiman endistriyel; (iii) yon batiman administratif, yon dòtwa ak yon kantin; (iv) adopsyon mezi ak etid pou diminye konsekans sou anvirònman ak kondisyon sosyal yo; ajoute sou sa yon Evalyasyon ansanm konsekans yo; (v) yon plan konpansasyon pou popilasyon ke pwojè a afekte (PPA).
- 1.6 Operasyon Pwogram Enfrastrikti Pwodiksyon an I a IV finanse pwojè sila yo: (i) travay enfrastrikti konplemantè pou PEK la, tankou magazen, faktori, drenay, sistèm egou, yon izin pou treman dlo, yon izin eletrik ak rezo transmisyon, pon, wout, kantin ak espas vèt; (ii) ti travay piblik nan kominote ki nan zòn PEK la, tankou goudwonnen wout yo, bati estasyon otobis, wout pou bekàn ak lòt amelyorasyon pou transpò a; (iii) reyalizasyon yon seri etid sou konsekans sou anvirònman ak kondisyon sosyal yo ki gen ladan sipò pou bati Pak Nasyonal Twa Be an, ansam ak yon seri inisyativ pou diminye konsekans negatif yo epi pou bay konpansasyon poutèt repèkisyon negatif Pwogram lan kreye; (iv) sipò pou ITE ak SONAPI ki pou pèmèt yo amelyore kad enstitisyonèl la ak kapasite jesyon an pou jere PEK la, an plis lòt aktivite pou agrandi e ransfòse Pak la..
- 1.7 Atravè aktivite kowoperasyon teknik yo, Bank lan bay sipò li pou preparasyon etid ak aplikasyon yon seri mezi pou diminye konsekans Pwogram lan sou anvirònman ak kondisyon sosyal yo. Sof operasyon HA-L1106 ki parèt nan lis ki nan Tablo 1 an, tout operasyon yo te resevwa sipò Direktwa egzekitif la.
- 1.8 Se nan dat 4 janvyè 2011 ke pwojè pak la koumanse ofisyèlman, lè yo bati kloti pwovizwa pou delimitè espas pak la. Nan dat 31 mas 202, Pak la te inogire e jis mwa desanm 2016, li te mezire 165,000 m² e li t ap anplwaye plis pase 10 000 moun.

II. DEMANN LAN²

- 2.1 Nan dat 12 janvyè 2017, MICI resevwa yon Demann ke plizyè manm sosyete sivil la (gade Tablo 2) te voye ba li sou Pwogram Enfrastrikti Pwodiksyon ak lòt operasyon ki konekte e ke BED la ap finanse. Manm sa yo te reprezante “*Kolektif Peyizan Viktim Tè*

² Demann lan ak Anèks yo disponib nan seksyon lyezon elektwonik dokiman sila.

Chabè". Kolektif sa a te gen ladan fanmi ki posede teren, osnon te gen teren nan fèmay pou travay latè nan espas kote Pak Endistriyèl Karakòl la bati. Konstriksyon Pak la fè ke moun sa yo blije deplase. N ap jwenn piba yon rezime Demann lan ki disponib nan Rejis piblik MICI a e nan seksyon lyezon elektwonik yo ki nan dokiman sila:

Tablo 2
Reprezantan

Non	òganizasyon
Lani Inverarity	Konsèy pou reskonsablite
Sarah Singh	
Caitlin Daniel	
Joseph Wendy Alliance	ActionAid Haiti
Milostène Castin	Aksyon pou Rebwazman ak Pwoteksyon Anvirònman an (ARPA an kreyòl) .

- 2.2 Demann lan pretann ke fanmi peyizan k ap reklame yo ta pèdi mwayen ki pèmèt yo jwenn lavi yo lè yo blije kite kote yo t ap viv la e kote yo t ap mennen aktivite kiltivatè yo, etandone ke se zòn sa a yo te chwazi pou bati PEK la. Reklamè yo afime que sèl jan yo te genyen pou bay fanmi yo manje, se te travay latè a e se sa ki te pèmèt yo non sèlman rantre yon ti kòb nan lavant pwodui rekòt yo, men se konsa yo te konn bay fanmi yo manje sou baz pwodiksyon pou konsomasyon pa yo.
- 2.3 Espesyalman, Reklamè yo souliyen ke nan mwa janvye 2011, gwo ekipman lou te monte sou teren yo san avètisman pou bati yon kloti ki pou te delimitè espas pou konstriksyon Pak la. Apre sa, Reklamè yo deklare yo pèdi rekòt ki te egziste yo e depi dat sa a, yo pa ka monte sou teren yo.
- 2.4 An plis, yo ajoute ke anvan yo fè yo degèpi, pa t gen yon Plan Aksyon pou Reenstalasyon (PAR), ni pa t gen okenn konsiltasyon ki te fèt anvan dat sa a.
- 2.5 Demann lan mansyone ke se pita yo mete sou pye yon PAR e yo remèt yon seri anvlòp konpansasyon, men reklamè yo deklare ke tout pandan pwosesis la, sa ke yo te pi konstate, se konsiltasyon ki te mal fèt, enfòmasyon ki pa t sifi ak anpil reta lè pou yo te remèt anvlòp konpansasyon yo.
- 2.6 Nan Demann lan, Reklamè yo souliyen ke non sèlman konpansasyon an te anreta, men li pa t sifi e sa vle di kondisyon lavi yo vin pi mal anpil anpil, paske yo pa t gen lajan k ap rantre anpèmanans, ni yo pa jwenn lòt sous travay non plis.
- 2.7 Pou pitit yo menm, akòz pa gen lajan k ap rantre, paran yo blije retire ti moun yo lekòl paske yo pa t kapab peye lekòl la e majorite ladan yo pa t jwenn lòt travay nonplis.
- 2.8 Nan menm sans lan, lajan ki pa rantre a lakòz moun pa manje byen paske yo pa gen kapasite pou achte manje, ni yo paka antre sou teren yo al fèt rekòt yo kiltive pou konsomasyon pa yo.

- 2.9 Anplis, fanm yo mete aksan sou repèkasyon sou estrikti sosyal fanmi yo ak kijan yo pa kapab bay pitit yo manje, osnon voye yo lekòl.
- 2.10 Kanta pou kote Pak la bati a, Reklamè yo konsidere que pwosesis ki mennen nan chwa sa a pa t byen fèt. Dapre yo, pwosesis sa a te reyalize san yon analiz detaye repèkasyon Pak la taka genyen nan rejyon Ayiti sa a, yon sityasyon ki afekte jan abitan yo viv.
- 2.11 Demann lan afime tou ke konstriksyon ak operasyon PEK la domaje anvirònman ak kondisyon sosyal yo. Espesyalman, Reklamè yo deklare enkyetid yo genyen poutèt dlo a ki ka kontamine, e konsekans migrasyon moun k ap soti nan lòt rejyon pou vin nan zòn Pak la kapab genyen sou kominote a. Gen enkyetid tou poutèt sityasyon frajil dyòb nan zòn lan. Sou kesyon sa yo, Reklamè yo fè konnen pa gen enfòmasyon e sa kreye latwoubay akòz konsekans yo sou fanmi yo. Reklamè yo konsidere fòk yo konsilte yo lè gen desizyon k ap afekte kondisyon lavi yo, kominote yo ak anvirònman natirèl kote yo rete.
- 2.12 Reklamè yo deklare ke domaj sa yo rive paske Bank lan pa respekte dispozisyon nan Politik Reenstalasyon Envolontè (OP-710) ki gen pou wè ak retablisman kondisyon lavi moun yo ak mezi konpansasyon yo; Politik Egalite ant fanm ak gason nan devlopman (OP-761) nan sa ki gen pou wè ak diferan repèkasyon Pwogram lan sou fanm yo; Politik sou anvirònman ak respè mezi pwoteksyon (OP-703) nan sa ki gen arevwa ak dega nan anvirònman ak konsiltasyon piblik; Politik sou aksè pou jwenn Enfòmasyon (OP-102) pou sa ki gen pou wè ak absans enfòmasyon ki pou al jwenn popilasyon ki afekte a. Reklamè yo souliyen li enpòtan pou enfòmasyon an disponib nan lang kreyòl ki se lang yo itilize.
- 2.13 Pou kontak ak Direksyon an, Reklamè yo fè MICI a konnen ke yo tanmen kontak ak Biwo BED la ann Ayiti e ak Ajans egzekisyon an nan yon lèt yo voye nan dat 15 avril 2016. BED la fè yo konnen li te resevwa li nan dat 28 avril, e pou fè suivi, gen yon reyinyon ki te fèt nan 5 me menm lane a. Pandan reyinyon sa a, Reklamè yo di yo sòlve enkyetid yo e yo mande pou gen plis enfòmasyon sou sityasyon yo. Dapre Demann lan, apre mwa jen, jiyè ak septanm menm ane a, echanj yo te rapousuiv ak tout pati yo. Espesyalman, yo fè konnen ke BED la di yo li te reyalize yon evalyasyon kondisyon sosyal ak ekonomik PAP jounen jodya e rezilta yo t ap disponib nan fin 2016 la. Men, etandone que ni BED la, ni ITE pa t fè suivi angajman sa yo, yo deside sispann tout jefò yo t ap fè pou rezoud enkyetid yo ak Direksyon an, e yo soumèt Demann lan bay MICI a.
- 2.14 Reklamè yo deklare yo te dispoze chita pale e yo pwopoze yon seri tèm rezolisyon pou pwosesis sa a: yon konpansasyon finansye ki balanse; mete kanpe yon mekanis verifikasyon ak reklamasyon pou konpansasyon; revizyon kritè ki itilize pou kategorize degre vilnerabilite popilasyon an; konpansasyon ki pa finansye men ki balanse e ki pou pèmèt retablisman kondisyon lavi moun yo ak sipò pou edikasyon fanmi yo.
- 2.15 Reklamè yo deklare yo enterese pou MICI a jere Demann lan ni nan Enstans Konsiltasyon an, ni pandan Faz Verifikasyon Obsèvasyon an, yon fwa Demann lan aksepte.

III. REPONS DIREKSYON AN ³

- 3.1 Dapre paragraf 21 Politik MICI a, nan dat 23 janvyè 2017, Direksyon BED la resevwa notifikasyon anrejistremant Demann ki pote klasifikasyon MICI-BID-HA-2017-0114. Nan 22 fevriye, MICI resevwa Repons Direksyon ki te ofri pèspektiv li sou pwèn ki te soulve nan Demann lan. Men yon ti rezime Repons la ki disponib tou nan seksyon lyezon elektwonik Memorandòm sa a:
- 3.2 Direksyon an rapòte nan repons li ke BED la bay Ajans egzekisyon ak lòt enstans nan Gouvènman ayisyen an yon bon jan sipò pèmanan pou jere diferan aspè anviwonman, kondisyon sosyal, lasante ak sekirite, tou sa ki konekte ak konstriksyon ak operasyon PEK la. An menm tan, li bay enfòmasyon sou vizit chak twa mwa ke Inite Pwoteksyon Anviwonman (VPS/ESG) fè. Se poutèt sa gen plan aksyon ki prepare pou diminye konsekans sa yo.
- 3.3 Direksyon an fè komantè sou gwo defi sila yo li jwenn pandan l ap chache asire pwoteksyon anviwonman ak kondisyon sosyal Pwogram lan, pa egzanp: (i) kad jiridik bankal sou anviwonman ak kondisyon sosyal yo; (ii) kapasite limite ajans gouvènman an pou bay lisans e pou fè respekte anviwonman ak kondisyon sosyal yo; (iii) delè kout ki bay pou konsepsyon, apwobasyon ak demaraj konstriksyon ak operasyon enfraestrikti a pou jere sityasyon ijans lan; (iv) absans yon kad jiridik pou reglemante sistèm okipasyon tè yo; (v) enfòmasyon limite sou kondisyon sosyal yo ak sou anviwonman.
- 3.4 Pou sa ki gen pou wè ak domaj ki lakòz Reklamè yo di yo pèdi mwayen pou yo siviv poutèt pwosesis reenstalasyon an, Direksyon an fè konnen ke aktivite reenstalasyon yo respekte preske tout kondisyon ki prevwa nan Politik Reenstalasyon Envolontè a (OP-710). Espesyalman, pou sa ki gen pou wè ak konsiltasyon e kontak ak kominote yo, Direksyon an deklare ke se yon kesyon fondamantal pou Pwogram lan e se pou sa yo te tabli yon sipèvizyon pèmanan akò yo pou aplikasyon PAR la, ansanm ak rekòmandasyon ki soti nan Etid sou konsekans sou anviwonman an.
- 3.5 Nan pèspektiv sa a, nan Repons li, Direksyon an rann kont sou plizyè pwosesis konsiltasyon ki ta reyalize depi byen anvan pwojè a, tankou pa egzanp pandan konstriksyon kloti pou delimitè espas Pak la, osnon pandan diferan etap konstriksyon Pak la. Se konsa tou li fè konnen ke gen konsiltasyon ki te fèt pou preparasyon ak kreyasyon PAR la ak patisipasyon ITE, òganizasyon sitwayen ke PEK la afekte, tankou Asosyasyon dirijan natirèl nan Karakòl ak Twoudinò (ALNC-TDN) e Asosyasyon pou Pwoteksyon Travayè Karakòl yo (ADTC). Dapre Direksyon an, se pwosesis sa yo ki vin pwodui Pwotokòl Akò ki te siyen an 2011 ant ITE, ALNC-TDN ak manm ki te eli nan kominote Karakòl kòm reprezantan popilasyon ki afekte a pou egzekisyon PAR la.
- 3.6 Pou fè suivi konsiderasyon piwo yo, Direksyon an fè konnen nan Repons li ke pou respekte dispozisyon Plan Reenstalasyon ak Plan Konpansasyon an, gen negosyasyon ki fèt an 2011 ak 2013 nan asanble ak reyinyon ak ALNC. Aktivite sa yo debouchè pita

³ “Repons Direksyon BED la ansanm ak anèks yo nan sa ki gen pou wè ak Demann MICI-BID-HA-2017-114 sou “Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon (HA-L1055, HA-L1076, HA-L1081, ak lòt)” disponib nan seksyon lyezon elektwonik yo.

sou yon “Pwotokòl Akò” ki defini yon pwosesis konpansasyon final ki t ap ofri diferan opsyon, tankou pa egzanp: i) yon pansyon pou gran moun yo, ii) yon lèt kredi pou achte nouvo teren; iii) yon kay atravè pwogram konstriksyon kay⁴ yo. Direksyon an enfòmè ke depi 2011 rive sou siyati Pwotokòl ITE a, li mete sou pye yon biwo nan zòn Pak la pou siveye aplikasyon PAR la e pou resevwa reklamasyon nan men popilasyon Pwogram lan afekte.

- 3.7 Finalman, pou kesyon reensalasyon an, Repons lan bay detay sou suivi OP-710 la ki va reyalize yon evalyasyon pwosesis reensalasyon an yon fwa aktivite ki prevwa ladan fini. Yo prevwa ke nan fen mwa avril 2017, gen yon konsiltan endepandan ki pou reyalize yon evalyasyon ki gen pou fini nan mwa septanm 2017.
- 3.8 Kanta anplasan Pak la, Direksyon an fè konnen ke atravè Kowoperasyon teknik HA-T1074, li reyalize yon evalyasyon diferan opsyon pou bati Pak la. Se evalyasyon sa ki fè yo te rive chwazi 18 espas potansyèl ki te analize dapre plizyè kritè. Se konsa zòn Karakòl la chwazi kòm pi bon kote pou konstriksyon Pak la.
- 3.9 Kanta pou enfòmasyon ki manke sou anviwonman an ak kondisyon sosyal yo nan Pwojè a, Repons lan bay rapò sou diferan dokiman pwojè a ak inisyativ ki lanse nan kad divès operasyon prete lajan ak kowoperasyon teknik ki egzamine kesyon ki kouvri nan demann lan, tankou pa egzanp konsekans: sou kalite dlo nan Rivyè Twoudinò, dlo souteren yo, Pak nasyonal Twa Be, jesyon fatra ki soti nan PEK e repèkasyon migrasyon travayè k ap vin nan Pak la sou estrikti sosyal la.
- 3.10 Koulye a, pou sa ki gen arevwa ak kontak ak Reklamè yo, Direksyon an dekri nan Repons li diferan echanj li te genyen ak reklamè pandan tout lane 2016 la; pa egzanp, korespondans *Kolektif* la voye bay Bank lan, ansanm ak repons yo. Se konsa tou li dekri yon reyinyon ki te fèt ak Reklamè yo nan mwa me 2016, kote yo te egzamine yon seri kesyon tankou: opsyon pou konpansasyon pou kominote ki afekte yo; konsekans sou fanm nan rejyon an ak reprezantasyon nan akò ki konkli ant PAR la ak nan Pwotokòl Akò a.
- 3.11 Pou fini, Direksyon an rekonèt konben li enpòtan pou rapousuiv pwosesis kontak ak kominote yo pou rezoud kesyon ki pi enpòtan yo e ki pankò jwenn tretman toujou. Direksyon an deklare li pare pou tanmen yon pwosesis konsiltasyon ak reklamè yo. Men malgre sa, li souliyen ke Direksyon an pa t egzamine kesyon espesifik ki soulve nan Demann lan anvan, tankou pa egzanp: kreyasyon yon mekanis pou valide ak verifye pwosesis konpansasyon, sipò edikatif pou fanmi ki afekte yo, epi konsekans sou anviwonman ak kondisyon sosyal non kominote rejyon an.

IV. INISYATIV MICI

- 4.1 Dapre seksyon G Politik MICI a, e ann akò ak kritè akseptabilite ki endike nan paragraf 22 a, pwosesis admisyon ak detèminasyon akseptabilite Dmann lan fèt ann akò ak kalandriye sila:

⁴ Repons lan fè konnen ke yo espere twazyèm pwen an ap kapab fini pou mwa mas 2017 la. Pandan misyon an, MICI a resevwa enfòmasyon gen yon chanjman dat ki koulye a, vin avril 2017.

Tablo 3
Kalandriye Inisyativ MICI pandan peryòd
12 janvye rive 23 mas 2017

Dat	Inisyativ
12 janvye	Demann lan resevwa.
17 janvye	Apèl telefòn ak Reprezantan yo pou diskite Demann lan ak pwosesis MICI a. .
23 janvye	Anrejistreman Demann lan..
10 janvye	Apèl telefòn ak Reprezantan Reklamè yo.
17 janvye	Apèl ak Reprezantant BED ann Ayiti.
17 janvye	Apèl ak Reprezantan Reklamè yo.
22 fevriye	Repons Direksyon BID-CII la resevwa.
1 mas	Apèl ak Reprezantan Reklamè yo.
7 mas	Reyinyon ak Direksyon BED la ki anchaje operasyon yo
10 mas	Apèl ak Reprezantan Reklamè yo.
18-22 mas	Misyon pou detèmine sa ki akseptab pou zòn Karakòl la - reyinyon ak Reklamè yo, vire tounen nan zòn Pwogram lan e vizit nan PEK la, reyinyon ak Ajans egzekisyon an, Ekip Pwojè a e Majistra Karakòl la. .
23 mas	Piblikasyon Memorandòm sou akseptabilite

- 4.2 Nan kad pwosesis pou Detèminasyon Akseptabilite a, MICI egzamine enfòmasyon nan Demann lan ki te gen tache ak li plizyè anèks, ansanm ak Repons Direksyon an ak anèks li yo, plizyè dokiman Bank lan e lòt sous ki valid pou analiz sa a⁵.
- 4.3 An plis, yon delegasyon MICI reyalize yon Misyon pou detèmine Akseptabilite yon demann ant 18 rive 22 mas. MICI remèsye Reklamè yo pou dispozisyon yo, ansanm ak Ajans egzekisyon an anvan ak pandan misyon an, sa ki pèmèt òganize reyinyon ak plis pase 250 manm *Kolektif* la ak reprezantan yo, reyinyon ak ITE, ak otorite PEK la ak kominote a, e ak sipò chèf pwojè. Misyon an fè yon vire tounen nan PEK la e nan zòn Karakòl la.
- 4.4 An patikilye, pandan reyinyon ak Reklamè yo, MICI jwenn plis enfòmasyon sou deklarasyon ki prezante nan Demann lan e ki pèmèt li aprann dirèkteman nan ki kondisyon kèk nan Reklamè yo ap viv ak enkyetid yo genyen poutèt pa gen travay, ni sekirite manje, ni edikasyon pou pitit yo, pandan estrikti sosyal la dechepiye.
- 4.5 Pandan reyinyon ak ekip Pwojè BED la e Ajans egzekisyon an, MICI te gen okazyon bay detay sou pwosesis la ak sou enpòtans manda li. Li te pwofite resevwa yon rapò detaye sou aksyon ITE depi Pwojè a demare nan mwa janvye 2011. Pandan reyinyon sa yo tou, li te posib fè yon vire tounen nan enstalasyon PEK la epi resevwa enfòmasyon sou tretman dlo sal yo en patikilye. Se konsa tou yo vizite kay ki gen pou remèt fanmi ki pi

⁵ Dokiman ki analize yo disponib nan seksyon lyezon elektwonik ki nan dokiman sila.

vilnerab yo kòm konpansasyon. Vizit sa yo te gen pou objektif konstate kouman travay yo ap vanse jis koulye a.

- 4.6 Nan kesyon ki souleve yo, BED la ak ITE konfime que nan yon delè tout kout, pral gen yon evalyasyon kondisyon sosyal ak ekonomik PAP yo nan jounen jodya. Tout moun ki te patisipe nan antrevi yo deklare yo te pare pou ede MICI a nan pwosesis la. MICI remèsye yo pou sa.
- 4.7 Foto ki piba a bay kontèks pou jan sityasyon an ye jounen jodya pou Misyon ki nan zòn enfliyans Program lan, e yo rann kont sou aktivite ki reyalize yo.



V. DETÈMINASYON AKSEPTABILITE

- 5.1 Ann akò ak paragraf 22 Politik la, MICI va konsidere yon Demann akseptab si li ka detèmine ke demann sa a respekte kondisyon sila yo:
- a) Fòk se de (2) moun osnon twa (3) pou pi plis ki dwe soumèt Demann lan lè moun sa yo panse sityasyon sa afekte yo osnon kapab afekte yo, e y ap viv nan peyi kote Bank lan ap reyalize Operasyon ki finanse a. Si se yon reprezantan ki soumèt

- Demann lan, idantite moun yo nonmen non yo fèt pou parèt e se pou Demann lan vin ak yon prèv ekri ki ofisyèlman konfime pouvwa reprezantan sa a.
- b) Demann lan idantifye yon Operasyon ke Bank lan finanse e ke Direktwa, osnon Prezidan, osnon Komite donatè a apwouve.
 - c) Demann lan bay deskripsyon tout dega ki ta kapab fèt si gen potansyèl pou youn osnon plizyè nan Politik operasyonèl yo pa respekte.
 - d) Demann lan fèt pou dekri tout jefò que Reklamè yo reyalize pou takle kesyon yo souleve yo ak Direksyon an e se pou yo enkòpore yon deskripsyon rezilta jefò sa yo, oubyen yon esplikasyon ki pou fè konnen poukisa yo pa t ka tabli kontak ak Direksyon an.
 - e) Okenn nan eskizyon ki parèt nan paragaf 19 la ap kapab aplike.
- 5.2 Kanta Demann ki klase sou nimewo MICI-BID-HA-2017-0114, egzamen ki fèt sou kritè ki pou detèmine si li aksepte dapre Politik la, bay rezilta sila yo:
- 5.3 Gen **santèn fanmi k ap viv nan zòn Karakòl-Chabè nan Nòdès Ayiti e ki afekte. Kididonk, dispozisyon Kritè 22 (a) a respekte.**
- 5.4 Demann lan idantifye **Pwogram Enfraestrikti Pwodiksyon** an, ki se pwogram ke BED la finanse atravè **senq (5) operasyon finansman ki pa ranbousab**, (gade Tablo 1) **e pou pi piti 12 kowoperasyon teknik. Kididonk, dispozisyon Kritè 22 (b) a respekte.**
- 5.5 Nan sa ki gen arevwa ak operasyon finansman ki pa ranbousab la, HA-L1106 “Jesyon fatra ak amelyorasyon zòn iben nan Nò Ayiti”, se yon aktivite ke Direktwa egzekitif la pankò apwouve e Politik MICI a deklare ke: “lè gen Demann ki resevwa [e ki pankò apwouve], Direktè MICI a va transmèt Demann yo bay Direksyon an e la enskri li nan Rejis piblik la”. Se konsa MICI a itilize mwayen sa a pou li remèt Demann lan bay Direksyon pou operasyon HA-L1106, pou li kapab egzamine li ann akò ak dispozisyon paragaf 19 (e) Politik MICI a. Nan moman sa a, MICI a p ap konsidere operasyon HA-L1106 poutèt rezon akseptabilite Demann lan.
- 5.6 Demann lan prezante yon pledwari pou dega ki fèt sou plan ekonomi, anvirònman ak sosyal, yon sityasyon ki kreye paske gen posibilite yo pa respekte obligasyon sipèvizyon Bank lan enkòpore nan **Politik operasyonèl li yo OP-703, OP-710, OP-761 ak OP-102**. Li enpòtan pou souliyen ke dega ki dekri kouman moun yo pèdi mwayen pou yo siviv poutèt depasman ekonomik la, konsekans sou sekirite manje yo ak edikasyon, ansanm ak dechèpiyay estrikti sosyal ak repèkisyon negatif sou fanm yo, fòmile aklè nan Demann lan ki dekri potansyèl posibilite pou politik operasyonèl yo pa t respekte. **Kididonk, dispozisyon Kritè 22 (c) a respekte.**
- 5.7 Pou kontak ki pa t genyen anvan ak Direksyon an, Demann lan dekri jefò ke Reklamè yo te fè pou egzamine kesyon ki te souleve yo tout pandan lane 2016. Direksyon an konfime sityasyon sa a. **Kididonk, dispozisyon Kritè 22 (d) respekte.**
- 5.8 Pou pwèn sa a, Direksyon an fè konnen ke nan pèspektiv li, gen kèk nan pwèn nan Demann lan ke yo pa t prezante li anvan (paragaf 3.11 piwo a) e se pou sa yo pa t dwe parèt nan jesyon MICI a, menm si, dapre MICI a, entèpretasyon paragaf 22 (d) pa

korèk, li fè sans souliyen ke Reklamè voye bay MICI a yon anèks yo di ki enkòpore nan plizyè kominikasyon ki transmèt bay BED la ak ITE e ki gen ladan yo pwen ki kòmante nan paragraf 3.11.

- 5.9 Nan sa ki gen arevwa ak esklizyon ki prevwa nan atik 19 la, **MICI konsidere ke li p ap aplike esklizyon ki prevwa nan paragraf 19(a), 19 (b), 19(c), 19 (d), 19(e), 19 (f) pou Demann sa a, sof operasyon sila yo:**
- 5.10 Pou operasyon **HA-L1106**, dapre sa paragraf 5.5 piwo a di, etandone operasyon sa a pa t apwouve, **esklizyon 19 (e) ap aplike.**
- 5.11 Pou sa ki gen pou wè ak kowoperasyon teknik **HA-T1074 ak HA-T1191**, lè ou konsidere ke dènye debousman yo te fèt plis pase 24 mwa anvan Demann lan prezante, **esklizyon 19 (f) la ap aplike.**

Tablo 4
Kowoperasyon teknik

	Nimewo Pwojè/ Operasyon	Non	Dat apwobasyon	Valè lajan operasyon an milyon dola	Dat dènye debousman
1	HA-T1074 / ATN/SF-11724-HA	Ranfòsman Ministè Komès ak Endistri	13/08/2009	0.15	07/06/2011
8	HA-T1191 / ATN/OC-14049-HA	Echanj ant HA ak CR, GU ak NI sou Pak endistriyèl	02/10/2013	0.01	07/10/2014

- 5.12 Pou fini, apre li fin konplete analiz la, Direktriz MICI a detèmine que Demann ki pote klasifikasyon MICI-BID-HA-2017-0114 **akseptab**, paske li respekte kritè akseptabilite ki endike nan paragraf 22 (d) ki nan Politik MICI a, sof pou operasyon ki mansyone nan paragraf 5.10 ak 5.11.

VI. KONKLIZYON

- 6.1 Ann akò ak seksyon G Politik MICI a (MI-47-6), Direktriz MICI a rive nan konklizyon ke Demann sila **akseptab** paske li respekte kritè akseptabilite Politik la tabli, sof nan sa ki gen arevwa ak operasyon kote yo aplike esklizyon 19 (e) ak 19 (f).
- 6.2 Desizyon sa a pa vle di ke gen yon evalyasyon ki fèt sou jistifikasyon Demann lan ak kesyon ki soulve ladan. Li pa vle di non plis gen yon detèminasyon ki fèt ke yo respekte osnon yo pa respekte dispozisyon Politik operasyonèl Bank lan.
- 6.3 Desizyon an pibliye nan Memorandòm sa a dirèkteman pou al jwenn Reklamè yo, Direksyon an ak Direktwa egzektif la, ansanm ak lòt moun ki enterese. L ap enskri tou nan Rejis piblik la yon fwa ke yo distribye li bay Direktwa egzektif la. Vèsyon franse ak kreyòl la va pibliye osito yo pare.
- 6.4 Yon fwa Direktwa egzektif la resevwa notifikasyon an, Direktriz MICI a va transfere dosye a bay Enstans Konsiltasyon an, ann akò ak petisyon Reklamè e dispozisyon ki nan Politik la.